

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Ku kituna, cara anu digunakeun dumasar kana tinimbangan anu nalungtik saba' da nyawang tujuan jeung objék anu rék ditalungtik.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Lantaran data anu ditalungtikna leuwih nyoko kana bahan anu bisa dianalisis ku cara déskriptif, sarta bisa ngahasilkeun data nu mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan tina jalma-jalma atawa tingkah laku anu keur ditalungtik. Fathoni (2006: 97) ngébréhkeun yén panalungtikan déskriptif nya éta *suatu penelitian yang bermaksud mengadakan pemeriksaan dan pengukuran-pengukuran terhadap gejala tertentu*. Sedengkeun numutkeun Surachmad (1982: 143) nétélakeun yén méthode déskriptif téh nya éta méthode anu bisa ngungkulan masalah anu aktual ku jalan nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan.

Tujuan ngagunakeun méthode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta sangkan meunang gambaran ngeunaan bisa jeung henteuna nganalisis ajén atikan dina sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran sastra Sunda di SMP.

3.1.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan bisa ditétélakeun saperti ieu di handap:

a. Tatahar

Kagiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar nya éta:

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan
- 2) Ngulik pustaka
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan
- 4) Konsultasi ka dosén pangaping
- 5) Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan

b. Ngumpulkeun Data

Kagiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Ngalaksanakeun observasi
- 2) Ngayakeun wawancara jeung narasumber
- 3) Ngumpulkeun data
- 4) Ngaklasifikasikeun sisindiran anu rék ditalungtik

c. Ngolah Data

Kagiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngolah data nya éta:

- 1) Néangan deui data nu geus dikumpulkeun
- 2) Data dipasing-pasing dumasar kana ajén atikanna
- 3) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah

3.1.3 Téknik Panalungtikan

Luyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik observasi, wawancara (*interview*), jeung tala'ah pustaka. Observasi digunakeun pikeun niténan langsung kalawan objéktif kana hiji kajadian atawa hiji proses, nya éta anu mangrupa observasi langsung ka tempat pikeun ngumpulkeun sisindiran téa anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya. Téknik wawancara (*interview*) digunakeun pikeun meunangkeun informasi sacara langsung ngaliwatan ti sababaraha informan atawa anu diwawancara ngeunaan sisindiran anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya. Sedengkeun tala'ah pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik.

3.1.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data dipedar ieu di handap.

- 1) Observasi
- 2) Wawancara ka narasumber
- 3) Ngumpulkeun data
- 4) Ngaklasifikasikeun data sisindiran anu rék ditalungtik
- 5) Tala'ah pustaka
- 6) Konsultasi ka dosén pangaping

3.1.5 Téknik Ngolah Data

Sanggeus data nu kapanggih dikumpulkeun, satuluyna ngolah data dumasar kana téknik-téknik anu geus dipedar di luhur. Anapon léngkah-léngkah garapanana saperti nu dipedar ieu di handap.

- 1) Niténan jeung néangan deui data anu geus dikumpulkeun
- 2) Data dipasing-pasing dumasar kana wangun jeung sipatna
- 3) Ngalalisis data
- 4) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah tadi

3.2 Instrumén Panalungtikan

Numutkeun Arikunto (2002,126), instrumén nya éta alat bantu anu digunakeun ku panalungtik enggoning dina ngumpulkeun data, sarta supaya gampang tur hasilna ogé bisa leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep jeung sistematis sangkan data leuwih gampang diolah. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta patalékan padoman wawancara (*interview*). Runtuyan patalékan-patalékan padoman wawancara ngeunaan sisindiran digambarkeun dina gambar tabel ieu di handap.

Conto Daftar Padoman Patalékan dina Wawancara

Tabel 1. Daftar Padoman Patalékan dina Wawancara

Ruang Lingkup Data	
Data Informan	Data Sisindiran
I	II
1.1 Ngaran narasumber	1.1 Papasingan Sisindiran

1.2 Umur narasumber	1.2 Teks Sisindiran
1.3 Alamat narasumber	
1.4 Pakasaban narasumber	

3.3 Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Populasi nya éta sakelompok jalma, barang atawa hal anu dijadikeun sampel panalungtikan (AL. Widyamartaya, 2000: 98). Dumasar kana éta pamadegan, populasi dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun populasi wilayah, nu populasina éta wilayah téh dijadikeun sumber pikeun néangan éta data sisindiran.

3.3.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian leutik data panalungtikan anu dianggap bisa ngawakilan sakabéh data anu dianalisis pikeun meunang informasi ngeunaan sakabéh data panalungtikan.

Désa Parumasan diwangun ku 4 dusun, nya éta 1) Dusun Pangarih; 2) Dusun Padayungan; 3) Dusun Parumasan; 4) Dusun Satron. Anu jadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta ngan 3 dusun ti 4 dusun anu aya di Désa parumasan, nya éta: Dusun Parumasan, Dusun Satron jeung Dusun Pangarih.

3.4 Sumber Data Panalungtikan


3.4.1 Sumber atawa Narasumber jeung Informan

Sumber data dina panalungtikan téh bisa mangrupa sumber pustaka. Saperti dokumén buku atawa sumber tinulis séjénna (Moleong, 1991:113). Anu

dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta anu diwawancara téa. Anu tujuanana pikeun meunangkeun informasi ngeunaan sisindiran anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya, Tuluy ké dikumpulkeun tur dijadikeun data pikeun dianalisis. Lian ti éta, sumber data nu laina bisa ogé tina tala'ah pustaka.

Dina ieu panalungtikan anu jadi sumberna nya éta manusa atawa infrorman anu diwawancara téa. Anu lobana nya éta aya 24 jiwa, 21 lalaki, jeung 3 urang awéwé.

Sangkan leuwih jéntré titénan gambar 2 tabél narasumber di handap ieu:



Tabel Ngaran Narasumber dina Panalungtikan Sisindiran

No	Ngaran	Umur	Alamat	Pakasaban	Jumlah sisindiran	Waktu néangan sisindiran
1	Hamidin	52	RT 24/ RW 04, Kp. Karang Negla, Dsn. Parumasan	Guru Tsanawiyah/ Tani	21	8 Oktober 2011
2	Oom Romli	61	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn. Parumasan	Pensiunan Guru	20	8 Oktober 2011
3	Wadhi	68	RT Cibokor Tengah (Jaya Pura)	Tani	6	9 Oktober 2011
4	Tati	46	RT 23/ RW 04, Kp. Cibokor SD 2, Dsn. Parumasan	Guru SD	8	9 Oktober 2011
5	Éji Sutarji	62	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn Parumasan	Tani	7	14 Oktober 2011
6	Sahro	57	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn Parumasan	Tani/ Tokoh Masarakat/ Guru Ngaji	10	14 Oktober 2011
7	Fadil	58	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn Parumasan	Aj. DKM Cibokor SD 2	5	15 Oktober 2011
8	Ajid	39	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn Parumasan	Aj. DKM Cibokor SD 2	8	15 Oktober 2011
9	Dedi Hermawan	25	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn Parumasan	Aj. DKM Babakan Meulit	15	15 Oktober 2011
10	Daholi	63	RT 28/ RW 05, Kp. Satron, Dsn. Satron	Tani/ Tokoh Masarakat	4	21 Oktober 2011
11	Apud	58	RT 25/ RW 04, Kp. Cigitung, Dsn. Parumasan	Ketua RT	8	22 Oktober 2011
12	Buhor	64	RT 28/ RW 05, Kp. Satron, Dsn.	Tani/ Tokoh Masarakat	7	22 Oktober 2011

			Parumasan			
13	Ocih	54	RT 27/ RW 03, Kp. Babakan Meulit, Dsn. Parumasan	Tani	5	22 Oktober 2011
14	Ihim Solihim	71	RT 24/ RW 04, Kp. Cigitung, Dsn. Parumasan	Aj. DKM Cigitung/ Tokoh Masyarakat	5	23 Oktober 2011
15	Oji	59	RT 24/ RW 03, Kp. Angsana, Dsn. Parumasan	Tani/ Pupuhu Dsn. Parumasan	8	23 Oktober 2011
16	Bahrum	54	Kp. Ranca Bungur, Dsn. Pangarih	Aj. Ranca Bungur	5	28 Oktober 2011
17	Uba	59	RT 24/ RW 03, Kp. Neglasari, Dsn. Parumasan	Tani/ Tokoh Masyarakat	10	29 Oktober 2011
18	Hadar	68	RT 20/ RW 01, Kp. Cigedang, Dsn. Pangarih	Tani/ Aj. DKM Cigedang/ Tokoh Masyarakat	5	29 Oktober 2011
19	Jumir	53	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn Parumasan	Tani	7	29 Oktober 2011
20	Dodo	32	RT 20/ RW 01, Kp. Cinurman, Dsn. Pangarih	Tani	10	30 Oktober 2011
21	Didi Mustofa	59	RT 20/ RW 01, Kp. Malabar, Dsn. Pangarih	Pingpinan pasantren Malabar	10	30 Oktober 2011
22	Lukmanul Hakim	54	RT 21/ RW 01, Kp. Cinurman, Dsn Pangarih	Pingpinan Pasantren Cinurman	9	4 November 2011
23	Saepul Uyun	45	RT 22/ RW 02, Kp. Cibungur, Dsn Padayungan	Aj. DKM Ranca Bungur/ Dagang	15	5 November 2011
24	Unah Ningrum	76	RT 23/ RW 03, Kp. Cibokor SD 2, Dsn. Parumasan	Tani/pensiunan veteran	9	5 November 2011

3.4.2 Data

Anu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh sisindiran anu geus kakumpul tur ditalungtik ti masarakat anu aya di désa Parumasan anu jumlahna nya éta aya 210 sisindiran. Saluyu jeung data éta populasi, anu jadi sémpel bahan panalungtikan nya éta 93 data. Saba'da dikumpulkeun tur dianalisis dumasar kana wangun jeung eusina, anu kaasup kana wangun wawangsalan aya 37, anu kaaasup kana wangun paparikan aya 114 sisindiran. Anu kaasup kana paparikan silih asih aya 29, anu kaasup kana piwuruk aya 39, jeung anu kaasup kana sésébréd aya 46. Sedengkeun anu kaasup kana rarakitan kabéhanana aya 59, anu kaasup kana rarakitan silih asih aya 27, anu kaasup kana piwuruk aya 22, jeung anu kaasup kana sésébréd aya 10.

Dumasar kana éta hal, jadi sémpel anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun sémpel random. Nya éta satiap sampel dianggap boga kamungkinan sarua ngawakilan populasi, kamungkinan sarua nu saluyu jeung sarat mutu sumber data (Al. Widyamartaya & Veronica Sudiati, 2000: 99)

3.5 Nyusun Laporan

Tahap anu pamungkas dina ieu panalungtikan téh nya éta ngolah data jeung dianalisis dumasar kana ajén atikanana. Sanggeus dianalisis tuluy ieu laporan panalungtikan diterbitkeun dina mangrupa skripsi. Ieu laporan panalungtikan téh baris disusun dumasar kana bab jeung sub bab anu disusun sacara sistematis.